**दिन–बुधवार** **दिनांक–14.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे किसान राष्ट्र निर्माण मे सशक्त भागीदार छथि आ हुनक प्रयास सभ सँ आत्मनिर्भर भारत अभियान के मजगूती भेटि रहल अछि। ओ जनौलनि जे केन्द्र सरकार किसान सभके सशक्त बनेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि आ एहि लेल अथक प्रयास कऽ रहल अछि। श्री मोदी आइ सूचना आ प्रसारण राज्यमंत्री डॉक्टर एल. मुरूगन के आवास पर आयोजित पोंगल समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे एहि समय देशक आन क्षेत्र सभ मे सेहो लोहड़ी, मकर संकराति, माघ बिहू आ पोंगल एहेन पावनि–तिहार मनाओल जा रहल अछि। ई एक भारत–श्रेष्ठ भारतक भावना के आओर मजगूत करैत अछि।

---

प्रदेश मे आइ मकर संकरातिक पावनि पारंपरिक आस्थाक संग मनाओल जा रहल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे एहि अवसर पर भोरहि सँ श्रद्धालु गंगा सहित आनो–आन पवित्र नदी आ पोखरि सभ मे आस्थाक डुम्मी लेलनि आ पूजा–पाठक संग दान–पुण्य कयलनि। धार्मिक मान्यताक अनुसार आइ सूर्य धनु राशि सँ मकर राशि मे प्रवेश करतहि उतरायण भऽ जाईत छथि संगहि, आइ सँ मांगलिक काज सभ होमऽ लगैत अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी.राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मकर संकरातिक अवसर पर लोक सभ के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

---

मकर संकरातिक अवसर पर विभिन्न राजनीतिक दल द्वारा दही–चूड़ा भोजक आयोजन कयल गेल अछि। पटना स्थित भाजपा प्रदेश मुख्यालय मे आयोजित भोज मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य आ पार्टीक वरिष्ठ नेता सम्मिलित भेलाह। जदयू विधायक रत्नेश सदा के आवास पर आयोजित दही–चूड़ा भोज मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित जदयूक कतेको नेता उपस्थित छलाह। एम्हर, जनशक्ति जनता दल प्रमुख तेजप्रताप यादव के आवास पर आयोजित भोज मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा सहित विभिन्न राजनीतिक दलक नेता सम्मिलित भेलाह।

———————————————————

पूर्णियां स्थित राजकीय चिकित्सा महाविद्यालय अस्पताल मे फर्जी दिव्यांगता प्रमाण पत्रक आधार पर नामांकन लेबयवला सात छात्र कँ निष्कासित कऽ देल गेल अछि। प्राचार्य डॉक्टर हरिशंकर मिश्रा जनौलनि जे निष्कासित कयल गेल छात्र सभक नामांकन वर्ष दू हजार तेईस आ दू हजार चौबीस मे भेल छल। ओ जनौलनि जे एहि वर्ष फर्जी दिव्यांगता प्रमाण पत्रक आधार पर नामांकन लेबाक प्रयास कऽ रहल एक छात्रक विरूद्ध प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————

प्रदेशक सभ पंचायत मे आब स्थानीय जैव विविधता के संवर्धन कँ ध्यान मे राखि कऽ विकास योजना तैयार कयल जायत। बिहार राज्य जैव विविधता पर्षद के संयुक्त निदेशक हेमकान्त राय जनौलनि जे एहि लेल प्रत्येक पंचायत मे मुखियाक अध्यक्षतावला जैव विविधता प्रबंधन समिति कँ सक्रिय कऽ देल गेल अछि। श्री राय जनौलनि जे जलवायु परिवर्तनक दुष्प्रभाव के देखैत सरकार ई निर्णय कयलक अछि।

———————————————————

परिवहन मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे सरकार आब ग्रामीण सड़क पर सेहो दुर्घटना मे घायल लोकक इलाजक लेल सहायता उपलब्ध कराओत। श्री कुमार जनौलनि जे दुर्घटनाक शिकार लोक सभ के डेढ़ लाख टाका धरिक निःशुल्क इलाजक सुविधा देल जायत। नव दिल्ली मे आयोजित देशभरिक परिवहन मंत्रीक बैसक मे लेल गेल निर्णयक जनतब दैत ओ कहलनि जे इलाजक सुविधा पूरा तरहे कैशलेस होयत। श्री कुमार कहलनि जे सड़क दुर्घटना मे घायल के अस्पताल पहुंचवऽवला कैँ पच्चीस हजार टाकाक ईनाम देल जायत।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकतर भाग मे रौद होयबा सँ लोकसभ के ठंढा सँ राहत भेटल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक वृद्धि भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला दू सँ तीन दिनक बाद अधिकतम तापमान मे क्रमिक रूपेँ वृद्धि होयत।

———————————————————————

समाप्त